



Mèt kò ki veye kò: Coronavirus



**Coronavirus (COVID-19)
se yon nouvo maladi
respiratwa.**

**Pou kounya a maladi
sa a se yon moun ki
transmèt li ak yon
moun.**



**Pwoteje
e byen pran
swen tèt ou**



Lave menw souvan ak dlo ak savon, oubyen ak yon dezenfektan ki gen alkòl ladan (jèl kont bakteri).

Poukisa?

Lave menw kapab touye viris la.

2




COF
COF
COF

Si wap touse oubyen estène, kouvri bouch ou ak nenw ak koud braw oubyen yon mouchwa, jete mouchwa nan menm moman an e lave menw.

Poukisa?

Lew kouvri bouch ou ak nenw ou evite ke jèm viris lan pwopaje, siw fè sa ak menw ou kap kontamine bagay kew manyen ak moun kew touche.


3



**Evite manyen jew, bouch
ou ak nenw.**

Poukisa?

**Men touche anpil bagay ki kap kontamine
akòz viris la. Siw touche jew,
nen ak bouch ou ak menw ki kontamine ou
kap transfere viris kew pran nan bagay
ou touche yo nan kòw.**



Pran distans ou! Pran yon bon distans ant ou menm ak lòt moun espesyalman moun kap touse, kap estène oubyen ki gen fyèv. Se pa tout moun kap touse oubyen estène ki gen coronavirus. Siw ta wè yon moun nan sitiyasyon sa a e sa baw pwoblèm, ou kapab pale ak moun lan poul pran yon ti distans.

Poukisa?

Lè yon moun gen maladi respiratwa, tankou coronavirus, touse oswa estène degaje ti gout ki gen viris la. Si ou twò pre, ou kap respire viris la.

5



Siw gen fyèv, tous ak pwoblèm respiratwa, al kay doktè prese prese. Di yo nan ki zòn ou te ye dènyèman. Pa pran medikaman konsa konsa!

Poukisa?

Fyèv, tous ak difikilte pou respire se yon seri sintòm ke moun ki souffri de maladi respiratwa oubyen lòt maladi grav kap genyen. Sentòm yo ka gen plizyè kòz, epitou depann de istwa vwayaj ou ak sitiyasyon pèsònèl ou, coronavirus (COVID-19) ta ka youn nan yo.

Chèche konnen epi swiv rekòmmandasyon otorite yo!

Source: OPS/OMS



OPS

